



## Chè Pwopriyetè Biznis,

Jan sa di nan Òdonans sou Atelye Mekanik nan vil Boston tout biznis ki konsève, repare oswa vann machin oswa pwodui pou machin dwe aplike pou yon lisans, epi yo dwe peye yon frè \$100 nan Depatman Sèvis Enspeksyon Boston (Boston Inspectional Services Department), Divizyon pou Sèvis Anviwònman (Environmental Services Division) 1010 Massachusetts Ave. 4yèm Etaj, Boston, MA 02118. Moun ki fenk fè demann lan ap gen pou peye yon sèl frè enskripsyon ki se \$50. Òdonans sou Atelye Mekanik la asire yon rediksyon nan enpak li gen sou katye yo ak anviwònman an atravè fòmasyon pou tout kòd ki aplikab yo.

Anplis, Òdonans pou Pwòpte sou Sit ki Boston yo egzije tout etablisman ak biznis machin ki itilize gwo konntenè pou jete fatra pou yo genyen yon lisans pou Pwòpte sou Sit la, epi peye yon frè \$50.00. Òdonans sa a egzije biznis ki gen gwo konntenè pou jete fatra pou [aplike](#) pou yon lisans nan [Depatman Sèvis Enspeksyon Boston](#)

Aplikasyon pou lisans ou a dwe gen ladan l:

- yon [Aplikasyon pou Pwòpte sou Sit la](#) ki konplè ak pèman ou an
- Yon plan sit la ki montre kote poubèl la ye, epi kote ou mete l pa rapò ak pwopriyete vwazinaj yo oswa wout piblik la
- pozisyon tout kloti oswa kote ou fè triyaj ki obligatwa yo
- plan ak orè pou fè pwòpte
- yon plan pwopozisyon pou dechè solid yo, li gen ladan l yon kopi kontra pou eliminasyon dechè solid yo
- yon kontra pou kontwòl wonjè oswa parazit, epi
- yon lisans Travo Piblik bay, sèlman si poubèl la nan yon wout piblik. [Jwenn enfòmasyon sou fason pou jwenn pèmi pou mete bagay nan lari.](#)

*Nou kapab voye Aplikasyon Konplè ak pèman yo pa lapòs, oswa depoze yo nan Inspectional Services Department (Depatman Sèvis Enspeksyon), Environmental Services Division (Divizyon Sèvis Anviwònman), 1010 Massachusetts Ave. Boston, MA 02118*

### **Lè ou pa respekte kondisyon sa yo, li kapab lakòz ou fè yon vyolasyon**

Lè w pa respekte obligasyon pou lisans nou site anwo a li ka lakòz ou peye amann ki rive jiska \$1000 pa jou, oswa nou ka sezi lisans biznis ou a.

Avèk respè,

John Urlich, Asistan Komisyone

(Haitian Creole)

